



**ASISTANS PÈSONÈL POU KONSOMATÈ
AKÒ KONSÈNAN PWOGRAM ANT KONSOMATÈ/
REPREZANTAN KI DEZIYEN AN AK PLAN SANTE A**

Non Konsomatè a: _____

Non Reprezantan ki Deziyen an (si sa aplikab): _____

Non Plan Sante a: **Aetna Better Health of New York**

**I. AKÒ ANRAPÒ AK PWOGRAM ASISTANS PÈSONÈL POU KONSOMATÈ
(CONSUMER DIRECTED PERSONAL ASSISTANCE PROGRAM, CDPAP)**

Pwogram Anrapò ak Asistans Pèsonèl Pou Konsomatè a ("Pwogram nan") se yon pwogram pou benefisyè Medicaid ("Konsomatè") ki bezwen sèvis swen adomisil, san wete èd pou swen pèsonèl ak kèk sèvis sante adomisil ak enfimyè kalifye. Pwogram nan bay Konsomatè yo plis fleksibilite ak libète pou yo chwazi paske li kite yo dirije pwòp swen yo, tankou chwazi pwòp asistan pèsonèl yo an konfòmite ak otorizasyon Plan Sante yo.

Pou patisipe nan Pwogram nan, Konsomatè yo dwe kapab dirije pwòp swen yo epi konprann epi ranpli responsablite Konsomatè a nan Pwogram nan oswa genyen yon Reprezantan Deziyen ki pral fè sa pou yo. Epiou, Konsomatè a oswa Reprezantan Deziyen an dwe konprann wòl ak responsablite Plan Sante a ansanm ak Entèmedyè Fiskal toupatou nan Eta a jwe nan kad Pwogram nan.

Jan nou itilize li nan tout akò sa a, nan tèm "Konsomatè a" gen Reprezantan Konsomatè a Deziyen an tou, lè sa aplikab, sof si li presize yon lòt bagay. Jan nou itilize yo toupatou nan akò sa a tèm "mwenn" ak "pa mwenn" yo ap fè referans ak Konsomatè a oswa lòt altènativ pou Reprezantan Konsomatè a Deziyen lè sa aplikab epi selon kontèks la.

Akò sa a esplike wòl ak responsablite Konsomatè a ak Plan Sante a jwe nan kad Pwogram nan. Konsomatè a dwe antre nan akò sa a pou montre li rekonèt li konprann wòl ak responsablite yo epi pou li patisipe nan Pwogram nan. Epiou, Konsomatè a dwe antre nan yon akò separe ansanm ak Entèmedyè Fiskal Toupatou nan Eta a (Statewide Fiscal Intermediary, SFI), ki ap dekri wòl ak responsablite Konsomatè a ak SFI a.

II. RESPONSABILITE KONSOMÈ A/REPREZANTAN KI DEZIYEN AN:

Antanke yon Konsomatè ki ap patisipe nan Pwogram nan, mwen pral:

1. Li epi konprann akò sa a ansanm ak wòl ak responsablite Plan Sante a, SFI a, ak Konsomatè a genyen nan kad Pwogram nan.
2. Travay avèk SFI a kòm entèmedyè fiskal mwen. Mwen konprann mwen kapab chwazi travay ak youn (1) nan [fasilite CDPAP](#) ki sou kontra avèk SFI a, men se SFI a sèlman ki ap entèmedyè fiskal mwen kapab travay avèk li.
3. Jere plan swen mwen an.
4. Responsab pou rekrute, anboche, bay fòmasyon, sipèvize, epi pwograme yon kantite moun ki kalifye sifizan mwen ap chwazi pou sèvi kòm asistan pèsònèl mwen an konfòmite avèk otorizasyon Plan Sante mwen an.
5. Kenbe yon plan sekou pou ranplase pwoteksyon an lè yon asistan pèsònèl pa disponib tanporèman pou nenpòt rezon.
6. Kenbe yon anviwònman apwopriye nan kay la.
7. Egzamine plan swen an ak chak asistan pèsònèl ki dekri responsablite yo.
8. Gen asirans asistan pèsònèl mwen an (yo) an sekirite epi yo sèlman ffè travay ki idantifye nan plan swen an yon fason ki konpetan, nan lè otorize yo.
9. Aji an amoni ako ak lwa konsènan travay yo, bay opòtinite travay ki egal jan sa yo presize sa nan akò Konsomatè a genyen ak CDPAP SFI a.
10. Mete Plan Sante a ak SFI okouran, nan 5 jou travay, konsènan nenpòt chanjman ki fèt nan estati oswa kondisyon yo, tankou, san se pa sa sèlman, entène lopital, chanjman adrès ak nimewo telefòn, epi vakans.
11. Kanpe travay yon asistan pèsònèl, si sa nesesè.
12. Mete SFI okouran konsènan nenpòt chanjman ki fèt nan estati travay yon asistan pèsònèl.
13. Gen asirans yo soumèt dokiman obligatwa pou asistan pèsònèl mwen an bay CDPAP SFI, san wete evalyasyon sante travayè yo fè chak ane ansanm ak dokiman sou travay ki nesesè yo.
14. Gen asirans asistan pèsònèl mwen (yo) respekte egzijans EVV yo, tankou sa ki parèt nan [Liy Direktif Egzijans Pwogram EVV yo](#).
15. Konfime lè egzak asistan pèsònèl mwen (yo) te travay, swa pa mwayen sistèm done SFI EVV yo, swa pa mwayen aplikasyon Time4Care SFI a, oswa lè w siyen fich prezans asistan pèsònèl la.
16. Distribye chèk salè bay chak asistan pèsònèl, si sa aplikab.

17. Respekte egzijans pou kalifikasyon Pwogram nan, san wete patisipasyon, jan sa nesesè, nan pwosesis evalyasyon ak re-evalyasyon ki obligatwa yo.
18. Voye rapò bay plan sante a, epi pran nenpòt mezi ki nesesè pou fasilite ranbousman nenpòt lajan ki anplis, oswa pèman ki pa apwopriye pwogram Medicaid la bay asistan pèsònèl mwen an (yo).

III. LOT RESPONSABLITE REPREZANTAN KI DEZIYEN A GENYEN SÈLMAN:

Anplis responsablite ki site anwo a, mwen genyen, antanke Reprezantan ki Deziyen, mwen dwe travay nan non Konsomatè a, mwen ap:

1. Mete tèt mwen disponib pou gen asirans responsablite konsomatè yo fèt san okenn delè.
2. Disponib epi prezan pou nenpòt evalyasyon pwograme oswa vizit yon evalyatè endepandan, pwofesyonèl egzamen medikal oswa plan sante, lè manm lan pa kapab pou tèt li.

IV. RESPONSABLITE PLAN SANTE A:

Plan sante a dwe bay Konsomatè a materyèl edikatif alekri ki dekri wòl ak responsablite Konsomatè a genyen pou bay asirans yo ap fè yon chwa edikatif, reflechi pou resevwa sèvis Pwogram yo epi yo ap:

1. Chèche konnen si Konsomatè a (san se pa Reprezantan ki Deziyen a) kalifye pou Pwogram nan, epi si yo dwe otorize sèvis swen adomisil oswa sèvis swen pèsònèl pandan chak evalyasyon oswa re-evalyasyon.
2. Chèche konnen si Konsomatè a kapab epi dispoze asime tout responsablite ki asosye ak patisipasyon nan CDPAP la, oswa si gen yon Reprezantan Deziyen ki kapab epi ki dispoze aji nan non Konsomatè a.
3. Pandan chak evalyasyon oswa re-evalyasyon, pale konsènan plan Konsomatè a oswa Reprezantan ki Deziyen an, epi ekri sou li, pou asire gen bonjan sipò ki disponib pou konble bezwen Konsomatè a.
4. Nan chak evalyasyon oswa re-evalyasyon, devlope yon plan sèvis/plan swen ki santre sou moun avèk Konsomatè a oswa Reprezantan ki Deziyen an, ki dekri travay asistan pèsònèl la dwe ranpli.
5. Kenbe yon kopi plan swen an nan dosye Konsomatè a epi bay Konsomatè a ak/oswa Reprezantan ki Deziyen an yon kopi.
6. Otorize kalite/kantite sèvis yo ak kantite èdtan ki kalifye yo.
7. Sèlman otorize sèvis Pwogram yo bay pa mwayen SFI.
8. Mennen ankèt sou rapò SFI a voye ki montre konsomatè a pa ranpli responsablite li.

9. Toujou evalye si Konsomatè a bezwen swen pèsònèl, swen sante adomisil, oswa kèk lòt nivo sèvis.
 10. Fè Konsomatè a ak Reprezantan Deziyen an konnen ke sèvis Pwogram nan ap diminye oswa sispann si plan sante a detèmine sèvis sa yo pa apwopriye ankò epi, si sa aplikab, bay Konsomatè a referans kèk lòt pwogram ki apwopriye.
 11. Bay Konsomatè a ak Reprezantan Deziyen an avètisman apwopriye pou odyans san patipri.
-

TOUT PATI AKSEPTE WÒL AK RESPONSABLITE YO POU PATISIPE NAN CDPAP A JAN YO ESPLIKE SA PI WO A. RESPEKTE WÒL AK RESPONSABLITE KONSOMÈ A SE YON KONDISYON PATISIPASYON NAN PWOGAM NAN. SI WÒL AK RESPONSABLITE KONSOMATÈ YO PA RESPEKTE, SA KA LAKOZ SÈVIS PWOGAM NAN KANPE.

Siyati

Konsomatè

Dat

Reprezantan Deziyen an (Si sa aplikab)

Dat

Reprezantan Plan Sante a

Dat